**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI**
**XALQ TA'LIMI**
**VAZIRLIGI**

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ**
**XALÍQ BILIMLENDIRIW**
**MINISTRLIGI**

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«18» август 2021-у.  № 03-01/8-3722  «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңеси баслығы**
**Қ.Р.Сариевқа**

**Сизиң, 2021-жыл 9-август күнги 6/1676-санлы хатыңызға:**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-октябрьдағы "Саламат турмыс тәризин кеңирек ен жайдырыў ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПФ-6099-санлы пәрманына муўапық, улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарлары менен тәмийинлеў қәрежетлери ушын 2021-жылда ҳәр бир улыўма орта билим бериў мектеплери ушын 5 миллион сўмнан ажыратыў белгиленген. Сол орында 2021-жыл Мәмлекетлик бюджет параметрлеринде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 29-апрель күнги "Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигин 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында"ғы ПФ-5712-санлы Пәрманы талапларынан келип шығып, Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 27-январь күнги өткерилген видеоселектор жыйналысының 5-санлы баянламасында белгиленген улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарлары менен тәмийинлеў ушын Финанс министрлиги тәрепинен район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң орайласқан қәрежетлер сметасына қаржылар өткерип бериў нәзерде тутылған.

Жоқарыдағы мағлыўматларды инабатқа алып, усы жылдың сентябрь-октябрь айларында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплерин жәми, 3 704 800 000 (Үш миллиард жети жүз төрт миллион сегиз жүз мың) сўм муғдарындағы спорт инвентарлары менен тәмийинлеў күтилмекте.

**Министрдиң орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Таярлаған: Б.Байниязов*
*Тел: 61 222-98-88, 97 222-98-88*
*E-mail: kr_yoshlik@mail.ru*